



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DEMOBILIZASYON BYEN AK PÈSONÈL REPONS  
IJANS ETA NAN LÈS NEW YORK AK NORTH COUNTRY APRE TANPÈT IVÈNAL  
ISTORIK LA**

***Sant Operasyon Ijans Eta a dezaktive madi swa apre repons pandan yon semèn  
fas ak nèj istorik ki tonbe nan zòn Buffalo ak Watertown yo, kote prèske sèt pye  
nèj te tonbe pandan twa jou***

***Thruway Eta New York ak otowout Eta yo totalman ouvè pou sikilasyon apati  
madi; ajans yo pral kontinye fè operasyon pou retire nèj yo epi pou kontwole  
potansyèl inondasyon lokal yo nan wout yo semèn sa a akòz lapli ak nèj k ap  
fonn***

***Tout chèk byennèt ak evalyasyon estriktirèl yo mande yo te konplete avèk siksè  
imedyatman apre tanpèt la***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Sant Operasyon Ijans Eta (State's Emergency Operations Center), te deplwaye resous pou repons ak ijans yo, ak pèsonèl ajans lan, te kòmanse demobilize madi apre yon tanpèt ivènal ki te kraze rekò ki te jete 80 pous nèj nan Orchard Park (Konte Erie), ki te kraze rekò total chit nèj sou 24 èdtan Eta a. Yo te rapòte plis pase sis pye nèj nan kèk pati nan Jefferson ak nèj ki te kòmanse tonbe jedi pase nan aswè ak lannwit rive nan vandredi a yon tosis pous pou chak èdtan nan Konte Erie ak senk pous pou chak èdtan nan Konte Jefferson. Evènman nèj istorik sa a te kreye kondisyon trè danjere nan plizyè rejyon, sa ki lakòz wout fèmen ak restriksyon sou vwayaj pou kenbe piblik la an sekirite. Gouvènè Hochul te felisite pèsonèl Ajans Eta a ki enplike nan repons Eta a pou preparasyon bonè yo, kominikasyon ak kowòdinasyon yo ak gouvènman lokal yo anvan, pandan ak apre tanpèt la.

"Chit nèj ki kraze rekò a finalman sispann, e kounye a li lè pou repons tanpèt ivènal New York la pase nan pwochen faz li a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen felisite premye sekouris yo, lidè lokal yo ak manm kominote yo ki te leve kanpe pou fè fas ak defi tanpèt sa a te poze yo. N ap kontinye kontwole retonbe yo nan tanpèt sa a, epi mwen mande Nouyòkè yo pou yo rete vijilan paske lapli ak nèj k ap fonn ka toujou lakoz inondasyon oswa lòt kondisyon danjere."

Jedi, 17 novanm lan, Gouvènè Hochul [te deklare yon Eta Dijans](#) pou 11 konte epi li te mande pou yo deplwaye byen Eta a pou repons ijans anvan tanpèt la. Sant Operasyon Ijans Eta a te aktive ofisyèlman [nan jedi swa](#) epi li te fasilite repons ak operasyon entè-ajans sou tèren an nan rejyon ki afekte yo.

Dimanch 20 novanm, Gouvènè Hochul te sekirize yon Deklarasyon Ijans federal nan men Prezidan Joe Biden, ki pèmèt asistans federal konplete efò eta ak lokal yo nan bay mezi pwoteksyon ijans.

Ekip Rekiperasyon apre Katastwòf Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) lan ap travay ak konte ki afekte yo ki nan Deklarasyon Ijans lan pou maksimize asistans federal la.

Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) ak Biwo pou Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) DHSES la, Depatman Transpò Eta New York (New York State Department of Transportation, NYSDOT), Lapolis Eta New York, Otorite Thruway (Thruway Authority), Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC), Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), ak Gad Nasyonal (National Guard) te rete konplètman angaje pou sipòte gouvènman lokal yo anvan, pandan ak apre chit nèj an wikenn ki sot pase a.

**Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta a, Jackie Bray, te deklare,** "Pandan semèn pase a ajans eta yo te travay ansanm ak ofisyèl lokal yo pou kowòdone efò repons yo epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite. Mwen rekonesan pou travay di tout moun, epi sa ki pi enpòtan, pou lespri koperasyon ak kowòdinasyon sere ke nou te pote nan efò sa a."

Pandan dire tanpèt la, yon ekip multi-ajans ki gen pèsònèl eta ak lokal, ki gen ladan ekip Rechèch ak Sovtaj Iben (Urban Search and Rescue, USAR), ki te dirije pa OFPC, te sipòte repons fas ak tanpèt la nan Lwès New York ak fè chèk byennèt epi ede ponpye lokal yo, EMS, ak lapolis ak ensidan yo, tankou retire 152 moun nan veyikil ki anpán ak fè 3,424 evalyasyon estriktirèl nan zòn ki pi afekte yo nan Konte Erie. Anplis de sa, Lapolis Eta te reponn a 108 aksidan ak 341 veyikil ki anpán

Nan pik tanpèt la, ant NYSDOT ak Thruway Authority, te gen prèske 500 kamyon chasnèj, prèske 100 chajè, ak plis pase 1,000 operatè ak sipèvizè ki te deplwaye nan Lwès New York ak North Country. NYSDOT ak Thruway Authority kontinye sipòte efò netwayaj nan vil Buffalo ak Lackawanna, ki gen ladan operasyon pou retire nèj sou wout lokal yo lè yo sèvi avèk gwo kamyon baskil abèn, chajè pwa lou, ak gwo aparèy pou soufle nèj.

###